Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого,лъилъе,нилъ гьечIого,хур.
Инхоса ГIали-хIажи

# Гумбет

Гумбет районалъул газета

www.mo-gumbet.ru
Газета бахъизе байбихьана 1952 с.

№ 56 (6576) 4 декабрь 2017 с. Итни РабигIул аввал 1439 с. Багьа 5 гъур.



БАРКИЯЛ

## Эбелалъул къо

Щибаб соналъул ноябралъул ахирисеб гьатIан къоялъ кIодо гьабула эбелалъул къо. Эбел. Гьеб рагIул хинлъиги, хиралъиги, тIадегIанлъиги, хIайранлъиги бичIчIуларев инсан ракьалда вижун ватиларо. Эбел йиго рукъалъул гъаситоялъуб цIа цIунулейги, лъикIаб тарбия кьун, жинда бихьулеб гIакъуба захIмалъиялъухъ балагьичIого, лъимал гIезарулейги, экономикиябгун социалияб рахъалъ росабалъ церетIеял рукIинариялъе гIоло хIаракатай къеркьохъанги. Улбул руго районалъул жамгIияб гIумруялъулъ жигараб гIахьаллъи гьабулелги, маданияб сахлъи цIуниялъул, лъайтарбия кьеялъул бутIабазда хIалтIулъ мисал бихьизабулелги.

Эбелалъул къо чIезаби – гьеб ккола чIужугIадан – эбелалдехун гIорхъи гьечIеб рокьи ва хIурматияб куцалда адаб загьир гьабилъун.

ХIурматиял улбул, баркула ракI-ракIалъ нужеда байрам. Биччанте, нужер щияй йоххизе ва чIухIизе нужерго лъималаздаса, бачIунгеги тIаде пашманаб къо, гьарула нужее хъизан – рукъ рекъараб, парахатаб, талихIаб гIумру, нужер лъималазе щулияб сахлъи, иман, адаб бугеллъун, нуж разияллъун гIунрачIаги гьел.

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадов**

## 3 декабрь – инвалидазул халкъазда гьоркьосеб къо

Лъабабилеб декабралда тIобитIула инвалидазул халкъазда гьоркьосеб къо. Бокьун буго сакъатлъарал, жидеца къохIехьеялъул мисал бихьизабулел гIадамазе гьаризе сахлъи, рохел, халатаб гIумру. ТIалабагъазалъ сверун ккураллъун, кинабго рахъалъ кумек щваралльун хутIаги районалда сакъатал гIадамал.

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадов**

## Казначействоялъул бакълъулазул отделениялъул хIалтIухъабазда баркула

Микьабилеб декабралда кIодо гьабула Россиялъул казначейство гIуцIараб къо. Щибаб сональго гIадин исанаги казначействоялъул Гумбеталда бугеб отделениялъул хIалтIухъабаз жидерго байрамалда дандчIвай гьабулеб буго хIалтIулъ бергьенлъабиги.

ХIурматиял казначействоялъул Гумбетоъалда бугеб отделениялъул хIалтIухъаби, ракI-ракIалъ баркула нужеда махщалилаб байрам. Гьарула киназего щулияб сахлъи, икъбал, талихI, рохел, халатаб гIумру, хIалтIулъ бергьенлъаби.

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадов**

КЬАБУЛЕБ БУГО ЦIУМУР

## Бергьана ЛъаратIаса хIисабчIужу Нурият ГIалиева

**«ЛъагIалил учитель – 2018» къец тIобитIана**

**«Гумбет районалда тIобитIана «ЛъагIалил учитель-2018» конкурсалъул муниципалияб этап.**

Гьеб рагьана лъай кьеялъул отделалъул информациялъулгун методикияб централъул методист ГIабдула МухIамадовас ва конкурсалъул гIахьалчагIазе бергьенлъаби гьарана. ТIоцебесеб къоялъ конкурсалда гIахьаллъараз рихьизаруна жидерго творческиял хIалтIаби, презентациялъулал роликал, хадусеб кIиго къоялъ рагьарал дарсал кьеялда жидерго махщел бихьизабуна.



Конкурсалда бергьана ЛъаратIа гьоркьохъеб школалъул хIисаб гIелмуялъул мугIалим Нурият ГIалиева, кIиабилеб бакI ккуна Гъоркь Инхо гьоркьохъеб школалъул хIисаб гIелмуялъул мугIалим ПатIимат МаламухIамадова, лъабабилеб бакIалде рачIана Игьали гьоркьохъеб школалъул гIурус мацIалъул ва литератураялъул мугIалим Гулисат Сулайманова ва Гьарадирихъ гьоркьохъеб школалъул ингилис мацIалъул мугIалим Кумсият Базарганова.

Бергьенлъи босаралъе ва призеразе районалъул лъай кьеялъул отделалъ кьуна грамотаби ва гIарцулал сайгъатал. РакIалде щвеялъул призал ва грамотаби кьуна конкурсалъул цогидал гIахьалчагIазеги.

Гьеб тадбиралъул хIасилал гьарурав районалъул лъай кьеялъул отделалъул нухмалъулев Муса КъурамухIамадовас абуна мугIалимзабазе хIалбихьи щвеялъеги, гьезул махщел, бажари цогидазе рагьизеги кIвар бугеблъун кколин «ЛъагIалил учитель» конкурс тIобитIи.

Муниципалияб этапалда бергьенлъи щваралъ гIахьаллъи гьабизе буго Буйнакск районалда декабрь моцIалъ тIобитIизе бугеб зоналияб конкурсалда.

**«Гумбет» РИО**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ БЕРГЬЕНЛЪАБИ

## «Рецул къо» фильмалъухъ – республикаялъул шапакъат

**Регионалияб «Нур» къецалъул призерлъун вахъана Набигула АхIмадибиров**

**Россиялъул халкъазул гIадатияб маданияталъул Гумбеталъул централда тIобитIана хIалтIулаб совещание ва гьоркьоб лъуна гIадамазе маданияб хъулухъ гьабиялъул хIакъалъулъ суал.**

Данделъиялда гIахьаллъана Гумбет районалъул администрациялъул вакилзаби, «Гумбет» газеталъул бетIерав редактор, Россиялъул хъвадарухъабазул Союзалъул член ХIамзат ГIизудинов ва цогидалги. Данделъиялда бицана Россиялъул халкъазул гIадатияб маданияталъул Гумбеталъул централъул нухмалъулев, Дагъистан Республикаялъул культураялъул мустахIикъав хIалтIухъан Набигула АхIмадибировасул бетIерлъиялда, гьеб учреждениялъе щварал бергьенлъабазул. Набигула АхIмадибиров щуго нухалъ бергьана ва призерлъун вахъана халкъияб творчествоялъул, фольклоралъул ирсалъул, «Нур» этнографиялъул хIакъалъулъ видео ва мультфильмал рахъиялъул республикаялъулал конкурсазда.

(Ахир-кIиабилеб гьум.)

НОМЕРАЛДА РУГО:



МагIарулас бетIер къулуларелъул...

-2 гьум.



Тохтурзаби росабалъе щвана, нухал гIазудаса рацIцIана...

-2 гьум.



ТIухьидул хIарпазул бакIлъи ва чурун унареб щакъи

-3 гьум.



ГIадатияб гуреб къагIидаялъ дарсал кьуна

-4 гьум.

«МИЛЛАТАЛЪУЛ» ГЪАСДА

# МагIарулас бетIер къулуларелъул…

### Адабиятальул сагIат: ГIабасил МухIамад

**Дагъистаналъул халкъияв шагIир, машгъурав драматург, прозаик ГIабасил МухIамадица нахъе тараб адабияб хазинаялъул хIакъалъуль бицана араб анкьалда «Миллаталъ-ул» редакциялда тIобитIараб, «Адабияталъул сагIат» абураб проекталда рекъон, гIуцIараб гургинаб столалда.**

### Дуца гьудуллъун кквe квер гIатIидаб тIехь

«Миллаталъул» адабияталъул горсверуда ракIарана Дагъистаналъул Хъвадарухъабазул союзалъул нухмалъулев, халкъияв шагIир МухIамад АхIмадов, «Гъудуллъи» журналалъул редактор, Дагъистаналъул Хъвадарухъабазул союзалъул авар адабияталъул секциялъул нухмалъулев МухIамад ПатахIов, «Дагъистан» журналалъул бетIерав редактор ва «Миллат» басма гIуцIарав журналист, литератураялъул цIех-рехчи МухIамад БисавгIалиев, Россиялъул ГIелмабазул академиялъул Дагъистаналъул гIелмияб централъул МацIазул, литератураялъул ва искуствоялъул институталъул директор, филологиял гIелмабазул доктор ИбрагьимилМухIамад, МагIарул мацIалъул мугIалимзабазул цолъиялъул нухмалъулей, педагогикиял гIелмабазул кандидат Баху МухIидинова ва Республикаялъул тIахьазул издательствоялъул авар мацIалда биччалеб литератураялъул редактор ГIайшат ГIалиева.

### ГIадалабщиналде чIор речIчIулелъул…

1982 соналда къватIибе бачIараб ГIабасил МухIамадил «Асарал» абураб тIехьалъе цеберагIиялда Расул ХIамзатовас хъвалеб буго:

«Аваразул поэзиялда ГIабасил МухIамад вуго гIицIго ГIабасил МухIамадида рельъарав поэт. Гьесул буго жиндирго нух, жиндирго хатI, жиндирго рагIи. Гьесул кучIдул цIалулаго, нилъеда рагIула ГIабасил МухIамадил гьаракь, бихьула ГIабасил МухIамадил къисмат, якъинлъула ГIабасил МухIамадил гIумру, рагъула гьесул рухIияб дунял, кIалъала даимаб хIалхьи гьечIолъи, хIакълъула рекIел бахIарчилъи, бичIчIула чилъи цIунизе, инсан инсанлъун хутIизе поэтасул жугьабаз балеб ахIи», - абун.

Мунагьал чураяв ГIабасил МухIамадие цIакъго рекIее гIагарал ва гьес гIемер рехсолел рукIарал асараздаса цояб ккола «Дир тIагъур» абураб кечI:

Рорхатал мугIрузда гIадра кванарал
ГIиял рехьабалъа буго дир тIагъур,
ГIатIидал хасалил мучIдул мерхьарал
ГIухьбуца бачIараб буго дир тIагъур.
МугIрул улкаялда яшав гIолелъул,
Цадахъ гIун бачIараб беричаб тIагъур,
МагIарулас бетIер къулуларелъул,
Умумуз гьабураб борхатаб тIагъур.
ГIищкъул бахчабахъе чапун унелъул,
МахIмудица лъураб магIарул тIагъур,
ГIадалабщиналде чIор речIчIулелъул,
ХIамзатица лъураб магIарул тIагъур.
Рохалил бертабалъ гIанчIал гIолилаз
ГIинтIа лъун букIараб гурищ дир тIагъур?
Ккани къо борхулел хIакъал бахIарзаз
Бекун лъун букIараб гурищ дир тIагъур?
Умумулъ батараб формияб чIухIи –
ЧIалгIинаро дида магIарул тIагъур.
Сурун бихьараца инсулги бухIе,
Бек-бекун тIад лъела магIарул тIагъур.

Гьаб асаралда жаниб буго тIолабго магIарулазул тарих, халкъалъул миллияб хасият, араби, жакъасебги, бачIунесебги. ХIакъикъаталдаги бекбекун тIад тIагъур лъураб, унго-унголъунги халкъияб адабияб ирс нахъе тана ГIабасилас. МагIарул тIагъур лъезе бетIерги халкъалъе шигIраби рикьизе кIудияб ракIги насиб гьабун букIана ГIабасил МухIамадие Аллагьас.

### ЧиякIаби гIемерлъун руго

Гьваридал, батIи-батIиял магIнаби жанир лъурал асарал руго ГIабасиласул. Гьесул мухъазулъ рукIуна ракIалдаса унарел, цIиял, гIужилал сипат-суратал. Гьес асар хъвачIеб жанр кьанагIат буго. Сатираялдаги рагIи абуна шагIирас. ЦIакъ кIудияб ва нильер гIумруялъул цо-цо рахьал рихьизарулеб сипатияб магIна буго «ЧиякIо» абураб кочIолъги:

Бахчаялда чиякIо
чилъун буго эхетун,
Сивул тIохалда некIо
хъаравуллъун буго тун.
ГIаг тIураб тIажу буго
тIилил бохдузда ретIун,
ТIох гьечIеб тIагъур буго
гьечIеб ботIрода гьетIун.
Гъуждузе цо мокъги чIван,
чIартил къвалал руго ххун,
Эхебехун кIиги чIван,
горде буго чIалаххун.
Багъаризе рухI гуро,
ахIдезе хIухьел гуро,
Бихьизе берал гуро,
рагIизе гIундул гуро.
Бахчаялда чиякIо –
чи гIадин, эхетун чIун,
Сивул тIохалда некIо
хъаравул гIадин борчIун.
Амма гъаримал хIанчIи
хIинкъула, гьебги бихьун.
Цинги хIанчIазул чIичIи
дагьлъула, гьелъ кIал бухьун.
Бахчаялда чиякIо –
чвахун балеб цIадакьги,
Бахчаялда чиякIо –
бухIун щвараб бакъукьги.
Сордо бачIунин абун,
бегун аб кьижуларо,
Заман щунилан абун,
щибниги гьалъ квинаро.
Огь, дун вуго гурхIулев
рухIго гьечIеб гьалдаги
Гьалъ тIуризе гьарулел
гьитIинал хIанчIаздаги.

ЧиякIаби гIемер руго дунялалда, хасго ахираб заманалда Дагъистаналда ва магIарулазда гьоркьор цIикIкIунел руго гьезул руккелал.

ГIабасиласул асаразда гьорлъ дие бищунго хириязда гьоркьоб буго «ЧиякIо» абураб шигIру-сатираби.

### ЧIахIиял асарал: «Камалил Башир», «ХъахIабросулъа МахIмуд», «Саба-меседо», «Хунзахъа Ахъбердилав»…

Гургинаб столалда гьоркьор лъуна ГIабасиласул чIахIиял, халкъалда гьоркьор цIакъго машгьурал асаралги: «Камалил Башир», «ХъахIабросулъа МахIмуд», «Саба-меседо» абурал трагедиял ва къиса «Хунзахъа Ахъбердилав»…Киналго гьел асарал руго тарихияб къучIалда хъварал. ГIабасиласул пьесабазда рекъон, Аваразул театралъ лъурал спектаклял цIакъ лъикI къабул гьарун рукIана гIадамаз. Квеш ккараб жо буго гьанже гьел спектаклял нилъер театралъул репертуаралда гьечIолъи. Гьел драмаялъул асаразда жаниб буго лъикIлъиялдаги квешлъиялдаги гьоркьоб къеркьей, рихьизарулел руго пачалихъалъулги инсанасулги гьоркьорлъаби, цересел гIасрабазул гIумру ва киналго гIасрабазе гIаммал, инсаниятальего кIвар бугел рухIиялги, жамгIиялги, цогидалги суалал рорхулел руго.

Шамил имам хисизе бегьулев чильун, Имаматалда гьеса хадусеб даражаялъул, кIиабилев чилъун рикIкIунев вукIарав наиб Ахъбердил МухIамадил хIикматаб гIумруги, рагьги, хвелги – кинабго хIакъикъат цебечIезабулеб къиса буго «Хунзахъа Ахъбердилав».

ГIабасил МухIамадил хIакъалъуль «Миллат» басмаялъ хIадурараб телеочеркалъухъ ралагьизе бегьула «Ютуб» видеохостингалда гьаб адресалда:

**https://www.youtube.com/watch?v=Fe7fOVQZYp4**

Цебеккун, «Адабияталъул сагIат» проекталда рекъон, къватIире риччана Инхоса ГIали-хIажиясул, Игьалиса ЧупаласулГIахьалчIиса МуртазагIали-хIажиясул, ЦIадаса ХIамзатил, Расул ХIамзатовасул, Муса МухIамадовасул хIакъалъуль передачаби.

**ГIизудинил ХIамзат**




ХАЛКЪАЛЪЕ ХЪУЛУХЪАЛДА

# Тохтурзаби росабалъе щвана, нухал гIазудаса рацIцIана…

### ЖКХялъул, налогал ракIариялъул, финансовияб лъагIел нухда регIиялъул суалал гьоркьор лъуна Бакълъулазул районалда

**Гумбет районалъул бетIерасул заместитель Рамазан АхIмаднабиевас тIобитIана ЖККялъул ГИС порталалда хIалтIи жигарлъизабиялъул, налогал ракIариялъул, финансовияб лъагIалил планал тIуразариялъул ва цогидалги кIвар бугел суалал гьоркьоб лъураб данделъи.**



Данделъиялда гIахьаллъана Гумбет районалъул учреждениязул ва гIуцIабазул нухмалъулел.Централизаб больницаялъул бетIерав врач МухIамад СайгидахIмадовас бицана медицинаялъул хIалтIухъабаз Инхо ва Игьали росабалъе хIалтIулаб сапар гьабиялъул, флюорографиялъул хьвадулеб аппараталъул ва цоги оборудованиялъул кумекалдалъун медицинаялъулаб хал гьаби тIобитIанин.«Гумбетовское ДЭП №10» ОАОялъул нухмалъулев Малачи Сурхаевас жиндирго кIалъаялда тIадчIей гьабуна автотранспорт хьвадулел нухал гIаздадаса рацIад гьариялда, нухазде цIам щвалеб букIиналда.

**(Ахир-лъабабилеб гьум.)**

# «Рецул къо» фильмалъухъ – республикаялъул шапакъат

**(Байбихьи-тIоцебесеб гьум.)** КIиабилеб республикаялъул конкурсалда тIоцебесеб бакIалъе мустахIикълъана «Нур» халкъияб творчествоялъул хIакъалъуль «Бищун лъикIаб операторлъиялъул хIалтIи» номинациялда гIадатазул хIакъалъуль фильмалъе гIоло (2004 с.). Гьединабго конкурсалда «Операторлъиялъул махщалие гIоло» номинациялда «Лъалъадиялъул рахъил къо» фильмалъе тIоцебесеб бакI (2012 с.), «Кинидахъ кучIдул» фильмалъе тIоцебесеб бакI (2015с.), щвана цогидалги шапакъаталги.






2017 соналъул ноябралда Набигула АхIмадибировас бахъараб «Рецул къо» абураб фильмалъе XV регионалияб конкурсалда «Дир гьитIинаб ВатIан» номинациялда щвана лъабабилеб бакI. Россиялъул халкъазул гIадатияб маданияталъул Гумбеталъул централъе гьединго щвана «Культура-онлайн» конкурсалъул «Социалиял гьинал» ва «Веб-сайт» номинациялда лъабабилеб даражаялъул дипломал. Шапакъатал къуна Расул ХIамзатовасул цIаралда бугеб Дагъистаналъул Миллияб библиотекаялда.

Конкурс тIобитIана Дагъистаналъул культураялъул министерствоялъ, республикаялъул халкъияб творчествоялъул рукъалъ, «Дагъистан» ГТРК ва «Дагъистан» РРВКялгун цадахъ, Россиялъул культураялъул Министерствоялъул ва В. Поленовасул цIаралда бугеб халкъияб творчествоялъул Россиялъул Пачалихъияб рукъалъул рахъ ккеялдалъун.

**«Гумбет» РИО**

БАРКИ

## «Гумбет» казияталъ 65 сон тIубаялде Авар мацIалъул мугIалимзабазул цольиялъул барки



МагIарул халкъалъе хабар гьуинаб
«Гумбет» басмаялда баркула байрам.
ГIакълу - лъай бечедаб казияталде
Печать меседилаб битIула салам.
РакIал паналъулеб гIелмудал чапар
Анкьие цо-цоккун бачIунеб буго,
Гвангъарал асараз цIураб басмаялъ
Аза-азар гIакълу бикьулеб буго.
Щивасул рекIелъе рокьул кьоги лъун,
Гьайбатаб лъай кьуна дуца халкъалъе,
ГIелмудал чирахъал курмулъги ракун,
Культурияб нухде цIана гьалмагъзаби.
БецIаб агьлуялъе фонарь бакарал,-
Барка дур гьурмазул гьайбатал мухъал.
ХъачIал пикрабазда чIорал речIчIараб,-
ЧIахъун хутIаги мун, хирияб «Гумбет»!

**Баху МухIидинова**

БАРКИЯЛЪУЛ КАЛАМ

# Къалам бегIерлъаги, калам пасихIлъаги

**65 соналда жаниб щибаб анкьил урхьараб гьоболлъун гIадамазухъе рещтIун буго 6500 номер «Гумбет» газеталъул, 13-азаргоялдасаги цIикIкIун гьумер! Цебе чIезабизе кIолищ?! Щибаб газеталъул цо гьумер тIехьалъул кIиголда бащад бугин танани, Толстоясул «Война и мир» гIадаб 200-300 тIехь кьватIибе биччан буго бакълъулазул басмаялъул мухбирзабазул кьокъаялъ. КьватIибе арабщинаб номералъул гьумер-гьумер ккун нухда тIибитIанийин абуни, гьелъ бацизехьин буго 300 километралдасаги цIикIкIун шагьранухалъул. Щибаб къойилаб, бихьулареб хIалтIи…**



Пикру бачIана ботIролъе, райгазеталъул щивав автор, журналистикаги жибго тун, адабияталде ван вукIаравани, гьезул щивас нахъа телаанин машгьурал хъвадарухъабиян. ГIизудинил ХIамзатица редакторлъиялъул заман гьадингоги пагьмуяб къалмие къунанийин абуни, тIубанго къиямасеб къо! ВукIинаан дагъистаниязулги жидерго Дюма. Гьедин букIинаан, газеталъе щибаб къойил хъвадаризе кколелъул, цIараб къоялде номер цIалдолезухъе щвезе ккеялъ дой гогьай муза ячIинегIан чIезе рес букIунарелъул. Щивас жиндаго гьорлъан биччазе ккола редакциялдасан кумек щвезе божигун гьениве вачIаравщинасул къисмат, мурадал, вукIине ккола, гIицIго журналистлъун гурев, психологлъунги, тохтурлъунги, бакIал ралевлъунги…Универсаллъун. МагIаруалъ абуни, анкьгьунарлъун.

Амма нижерги нужерги щивас гIумруялда рищи гьабун буго. Нилъ руго журналисталъ. Гьелъул магIна-нилъ киданиги бечедал чагIилъун рахъунгутIи. Сордо-къо цIехечIого херхарал мухъал, рищцатал подшивкабазде сокIкIарал макетал кIочон тун, ина газеталъул гьурмаздаса нилъер цIарал, нахъе аралго. РачIина цIиял гIелал, лъабабилел,ункъабилел…Чанги пагьмуяб къалам камула санайил нилъ гIадал басмабазул редакциязе, цоял абадияб рокъоре ун, цойгидал гIарац цIикIкIун щолел хъулухъал ралагьизе къокъун. ГIайиб гьабулеб мех гуро.

Жидеего бокьун редакциялда чIола рескьотIиялъ, цоги хIалтIи щвечIольиялъ гьанир рещтIарал гурел, ракI-ракIалъго хъвавул ишги мухбирас халкъалъе гьабулеб хъулухъги бокьулев чи. БатIиял рагIабаз абуни, рекIедасан бижараблъун жинда кодоб ккураб къалам бугев инсан.

65 сонил тарихалда жаниб «Гумбеталъги» хисана политикиял гIуцIиял, жибго газеталъулн хатI, сипат… Амма хисичIого хутIана гьелъул хIакимчи. У. Нужеца битIун цIалана. Щиб-кин кканиги, лъица щиб бицаниги, бакълъулазул журналистал щун къиматав ва тIадегIанав хIаким-цIалдолесе. «Кинабго инсанасул хIакъалъулъ, кинабго инсанасе гIоло!». Горькиясул гьеб ахIиги гьев живгоги лъалеб заман гьечIониги, гьалги гьазда релълъарал жидерго мухъазул гIумруялъул матIабилъун ругел басмаби хилиплъичIо халкъалъе. Гьезие бищун тIадегIанаб шапакъатги-гьоркьоб инсанасул ракI-ракIалъулаб «баркала» абураб рагIи.

Дир хьул буго, жеги чанго азарго номер къватIибеги къун, халкъалъе хулухъ лъугIизе «Гумбеталъ» теларилан. Иншааллагь, жеги цере руго магIна гьваридал макъалабаздалъун бечедал казияталъул нус-нус номерал! ЛъикIал харбазул чапарлъун хутIаги бакълъулазе районалъул казият, инсаният бугебгIан мехалъ! Газеталъулги кагътилаб, виртуалияб, годекIанияб тираж цIикIкIаги! Гьеб рикIкIун щивав газеталъул хIалтIухъанасул рокьобе бачIунеб рахIматги цIикIкIаги! Амин.

**Нужеде кидагосеб адабгун, Хунзахъ районалъул «Росдал захIматчи» газеталъул редактор Камилил Фатима**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ БАСМА – БАКЪЛЪУЛАЗУЛ ТАРИХ

# ТIухьидул хIарпазул бакIлъи ва чурун унареб щакъи

### Анкьие газеталъул лъабго номер биччалеб заманги букIана

**Компьютералда газета хIадуризегIан цебеккун бищун захIматаб хIалтIи тIубазабулел рукIарал типографиялъул хIалтIул хаслъиялъул ва гьенир хIалтIаразул хIакъалъулъ хъвазин дагьабго калам.**

2003 соналъул июнь моцIалде щвезегIан районалъул газета кьватIибе унаан квералъ цо-цо ккун хIарпалги рищун. Кверзулаб рищариялда тIадеги, газеталъул щибаб гьумер гьабулаан (версткаян абулаан гьелде) верстальщикас хасаб маххул рамкаялда жаниб. ТIухьидул хIарпазул бакIлъиялъ кодобе босизе хIалихье букIун. Газета кьабилелде гьалатIал ритIизаризеги, печаталъул машинаялда рекъезабизе гьурмал росизеги руччабазеяли щиб гурин, бихьиназецин захIмалъулаан.

Типографиялда хIалтIулезул квераздаса чIегIераб щакъи чурун унарого дандчIвалел рукIарал захIмалъабиги рехсечIого гIоларо. Нарталъ, солярка-ялъ чурулаан кверал, сапуналъ инабизе кIоларого. Гьанже хIисаб гьабураб мехалъ, ракIалде ккола лъикIго гIазаб-гIакъуба хIехьезе рижарал чагIи рукIун ругин типографиялъул хIалтIухъабиян. Гьединаб захIматаб бакI букIиналъ батиларищха, квералъ хIарпал рищулел хIалтIухъаби щуго соналъ цере пенсиялде ритIулелги.

Ругьунаб хIалтIи, цоцалъ рекъараб коллектив рехун течIого, дандчIвалел захIмалъабазе къуркьичIого 35-40 соналъ типографиялда хIалтIана наборщицалъун мунагьал чураяй МелъелтIаса Асма АхIмадова, газета кьабулев чилъун ва верстальщиклъун МелъелтIаса СагIид Эсенбулатов, верстальщиклъун ЛъаратIаса МухIамад ГIалиев. Наборщицаялъул хIалтIи гIемер соназ тIубазабуна жидер мунагьал чураял МелъелтIаса ГIашат ГIабдурахIмановалъ ва Аргъваниса ПатIимат ИсмагIиловалъ. Газета кьабиялда МелъелтIаса Салимат Насрудиноваги, квералъ хIарпал рищиялда МелъелтIаса Зайнаб Бекбулатоваги халатаб заманалъ хIалтIана.Типографиялъул хIалтIухъабазул бищунго бецизе ккараб гIамаллъун букIана, цоцазул махщелалги лъазарун, кваризлъигIатIилъи кканиги, унтащокълъаниги цоцазул хIалтIи тIубай, газета жиндир заманалда цIалдолезухъе щвезабизе хIаракат бахъи. Щибаб хIарп ккун бищун, анкьие кIиго гьумералъул лъабго газета кьватIибе биччай захIматаб хIалтIи букIана. Чанги кколаан хIалтIул заман лъугIидалги хIарпал рищизе, газеталъул гьурмал гьаризе, печаталде кьабизе типографиялда гьелъул хIалтIухъабиги, печаталде кьабилелде гьалатIал ритIизаризе жавабияв секретарьги редакторги редакциялда чIезе ккеялъул хIужаби. Нагагь ток гьоркьоб кьотIани, басралъарал типографиялъул машинабазул частал рекани, кколаан квалквалал. Ккана хIужаби МахIачхъалаялдаса, Хасавюрталдаса механикал ахIун, типографиялда хIалтIи гьоркьоб кьотIиялъул. Амма номер гьоркьоб течIого газета цIалдолезухъе щвана.

Типографиялда хIалтIулел рукIарал ва Аллагьасул къадаралде щваразе ахират лъикIаб кьун батагиян, Алжан насиблъагиян редакциялъул тIолабго коллективалъул рахъалдасан дугIаги гьабулаго, бокьун буго районалъул газета гIужда, качествоялда кьватIибе кьеялъулъ кIудияб бутIа лъурал, мустахIикъаб хIухьбахъиялда ругел СагIид Эсенбулатовасе, МухIамад ГIалиевасе, Салимат Насрудиновалъе, гьединго Зайнаб Бекбулатовалъе ва типографиялда газета кьабиялда хIалтIарай ПатIимат Адилбиевалъе, наборщицалъи гьабурал Къурмагъиз Назировалъе, ГIашура МухIамадовалъе, Хадижат Чупалаевалъе, ПатIимат МухIамадовалъе, газеталъул юбилейги баркулаго, гьаризе сахлъи, талихI, рохел, халатаб гIумру. Гьал кинало руго, редакциялда хIалтIизе дун лъугьаралдаса, цо хъизаналъул членал гIадин коллективалда рукIарал хIалтIухъаби.



**Сураталда: гIодор чIун (квегIиса кваранида)- СагIид Эсенбулатов, МухIамад ГIалиев, Жамалудин ГIалиев, ГIабас Шейхов (литературиял хIалтIухъаби).**

**Рахъун чIун – Асма АхIмадова, ПатIимат ИсмагIилова, Къурмагъиз ХIадисова.**

**Къурмагъиз ХIадисова**

# Тохтурзаби росабалъе щвана, нухал гIазудаса рацIцIана…

**(Байбихьи - кIиабилебгъум.)**

Лъай кьеялъул отделалъул нухмалъулев Муса КъурамухIамадовас лъай кьеялъул учреждениязул хIалтIул анкьил хIасилал гьаруна, ЕГЭялде хIадурлъулел рукIиналъул, республикаялъул конкурсалда мугIалимаз призовиял бакIал ккеялъул бицана.

«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIерасул заместитель РурухIма Халидовас абуна финансовияб лъагIел гIуцIа-кьан нухда регIиялде, налогал ракIарияялъул планал тIуразариялде, ЖКХялъул ГИС порталалда хIалтIи жигарлъизабиялде кIвар кьезе ккелин.

ХIасилазулаб кIалъай гьабулаго, районалъул бетIерасул заместитель Рамазан АхIмаднабиевас тIадчIей гьабуна захIматалъул гIадлу цIуни, гIадамазул хIажалъаби тIураялде гIужда ралагьи кIвар бугел масъалаби рукIиналда.

**«Гумбет» РИО**

РОСАБИ-РОХХЕНАЛ



ЧIикь росдал цо авал

ДОКУМЕНТ

# Администрация муниципально района «Гумбетовский район»

13.11.2017 год. Постановление №159

**«О создании казенного учреждения администрации МР «Гумбетовский район» «Гумбетовский молодежный центр»**

**В соответствии с Гражданским кодексом РФ, с Федеральными законами РФ от 06.10.2003 г. №131 ФЗ «Об общих принципах организации местного самоуправления РФ», от 14.11.2002 г. №131 ФЗ «О государственных и муниципальных унитарных предприятиях», ст.17.1 Федерального закона от 8.05.2010г. №83 ФЗ «О внесении изменений в отдельные законодательные акты РФ, в связи с совершенствованием правового положения государственных (муниципальных) учреждений» и Уставом муниципального района «Гумбетовский район» администрация МР «Гумбетовский район»**

**ПОСТАНОВЛЯЕТ:**

1. Учредить муниципальное казенное учреждение администрации МР «Гумбетовский район» «Гумбетовский молодежный центр».

2. Утвердить Устав муниципального казенного учреждения администрации МР «Гумбетовский район» «Гумбетовский молодежный центр» и штатную численность работников (приложение №1)

3.Назначить директором муниципального казенного учреждения администрации МР «Гумбетовский район» «Гумбетовский молодежный центр» Зубайирова Магомеда Ахмедовича.

4.Директору созданного муниципального казенного учреждения администрации МР «Гумбетовский район» «Гумбетовский молодеж-ный центр» Зубайирову Магомеду Ахмедовичу зарегистрировать Устав учреждения в установленном законодательством порядке.

5. МУ «Финансовое управление администрации Гумбетовского района (Халидову Р.М.) предусмотреть бюджетные средства для содержания муниципального казенного учреждения администрации МР «Гумбетовский район» «Гумбетовский молодежный центр».

6. Утвердить положение об оплате труда муниципального казенного учреждения администрации МР «Гумбетовский район» «Гумбетовский молодежный центр».

7. Постановление вступает в силу с момента его официального опубликования.

8. Контроль за исполнением настоящего Постановления возлагаю на заместителя главы администрации МР «Гумбетовский район» Ахмеднабиева Р. М.

**Глава МР «Гумбетовский район» Хаджимурад Магомедов**

СОЦИАЛЬНАЯ ПОЛИТИКА

**Важная информация для инвалидов, ветеранов труда и реабилитированных лиц**

**УСЗН в МО «Гумбетовский район» извещает о том, что федеральным категориям льготников (т.е. инвалидам всех групп, семьям с детьми инвалидами до 18 лет, вдовам участников ВОВ, инвалидам ЧАЭС, МАЯК), которые получают выплаты по оплате жилищно-коммунальных услуг через управление социальной защиты населения, необходимо представить лицевую карту потребителя за период с января 2017г. по декабрь 2017 года (документ о фактически произведенной оплате, а также справку об отсутствии задолженности за электроэнергию с энергосбытовой компании Гумбетовского района до 1 декабря 2017 года. А республиканским категориям (ветеранам труда, реабилитированным лицам) необходимо представить только справку об отсутствии задолженности за электроэнергию в срок до 1 декабря 2017 г. В случае непредставления сведений о произведенных расходах (электроэнергия, газ, твердое топливо-уголь) ежемесячная денежная выплата по оплате жилого помещения и коммунальных услуг будет прекращена.**

**Важная информация для специалистов сельской местности**

Управление социальной защиты населения в МО «Гумбетовский район» доводит до сведения отдельных категорий граждан, имеющих право на ежемесячную денежную выплату по оплате жилого помещения и коммунальных услуг, что постановлением Правительства Республики Дагестан от 2 декабря 2016 года № 374 «О внесении изменений в некоторые постановления Правительства Республики Дагестан» предусматривается следующее:

Ежемесячная денежная выплата назначается отдельным категориям граждан при отсутствии у них задолженности по оплате жилых помещений и коммунальных услуг или при заключении и (или) выполнении ими соглашений по ее погашению.В связи с вышеизложенным всем работникам сельской местности (педагогическим работникам школ, детских садов, ЦДО, ДЮСШ, методистам отдела образования, медицинским работникам, работникам ветеринарной службы, социальным работникам, работникам культпросветучреждений), получающим выплаты по коммунальным услугам через УСЗН, необходимо представить справки об отсутствии задолженности с энергосбыта Гумбетовского района в срок до 01.12.2017 года.

В случае непредставления справок, осуществление выплаты будет прекращено.

**Важная информация для многодетных семей**

УСЗН в МО «Гумбетовский район» сообщает, что в связи с изменениями, внесенными постановлением Правительства Республики Дагестан от 2 декабря 2016 года № 374 « О внесении изменений в некоторые постановления Правительства Республики Дагестан» всем многодетным семьям необходимо представить в УСЗН документы, подтверждающие сведения о доходах каждого члена семьи (либо отсутствие дохода) в срок до 31 декабря 2017 года.

Назначение ежемесячной денежной выплаты по оплате жилого помещения и коммунальных услуг многодетным семьям будет производиться, если у них среднедушевой доход, ниже величины прожиточного минимума, установленного в Республике Дагестан. Необходимый перечень документов для представления в УСЗН.

-паспорта родителей;

-состав семьи;

-сведения о заработной плате за последние три месяца;

-если не работают, справки с сельских администраций о том, что не работают;

-справки с пенсионного фонда о наличии пенсий на всех членов семьи;

-справки с центра занятости на неработающих;

-справки с налоговой инспекции на родителей.

-справки с энергосбыта Гумбетовского района об отсутствии задолженности за электроэнергию.

В случае непредставления сведений о доходах и справки с энергосбыта Гумбетовского района об отсутствии задолженности за электроэнергию ежегодно ежемесячная денежная выплата по оплате жилого помещения и коммунальных услуг многодетным семьям будет прекращена.

По всем интересующимся вопросам можете обращаться в УСЗН в МО «Гумбетовский район» по телефону : 8(272)2-62-79:

**Адрес электр.почты: uszn.gumbet@yandex.ru, gumbuszn@mail.ru**

МАГIАРУЛ МАЦIАЛЪУЛ МУГIАЛИМЗАБАЗУЛ ГОДЕКIАН

# ГIадатияб гуреб къагIидаялъ дарсал кьуна

### ЧIиркъатIа – авар мацIалъул мугIалимзабазул данделъи

**2017 соналъул 28-абилеб ноябралда ЧIиркъатIа гьоркьохъеб школалда тIобитIана авар мацIалъул мугIалимзабазул данделъи. Гьеб тадбиралда гIахьаллъана Бакълъулазул районалъул рахьдал мацIалъул мугIалимзаби ва лъайкьеялъул идараялъул методкабинеталъул нухмалъулев Загьид ХIусенов.**




ЧIиркъатIа школалъул мугIалимзаби Хадижат МухIамадовалъ ва Алписат МухIамадовалъ гIадатияб гуреб къагIидаялъ дарсал кьуна. КIиябго дарс ана лъикIаб даражаялда. Бокьараб конкурсалде росизе бегьилел дарсал рукIана. Хадуб Алписат МухIамадовалъ гьабуна докладги. МугIалимзабазе лъикIаб пайда цвана кIиябго дарсалдасаги докладалдасаги.

Бакълъулазул районалъул рахьдал мацIалъул мугIалимзабазул рахъалдасан ракI-ракIалъул баркала кьезе бокьун буго Хадижат МухIамадовалъе ва Алписат МухIамадовалъе нижее гьабураб гьоболлъиялъухъ ва кьурал дарсазухъ.

**АхIмад СагIадулаев, ЦIаналъ аслияб школалъул авар мацIалъул мугIалим**

ЗИГАРА

**МелъелтIа росулъа медицинаялъул гIелмабазул доктор, каранзул хирургиялъул Республикаялъулаб централда хирургиялъул хIалтIулев вукIарав МухIамад Лабазанов Аллагьасул къадаралде щвеялда бан, гьваридаб пашманлъиялда дир зигара бала гьесул хьизан-лъималазда, вац-яцазда, гIагаржараздa.**

**Алжан насиблъаги хварасе, гIумру халатаб кьеги нахъе ругезе.**

**«Гумбет» район муниципалияб районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадов.**

ЗИГАРА

**Килаль росдал администрациялъул бетIер АхIмад Каримовасда гьваридаб пашманлъиялдалъун зигара бала, ункъгIал Аллагьасул къадаралде щвеялда бан.**

**Хваралъе Алжан насиблъаги, нахъе ругезе халатаб гIумруги кьеги.**

**«Гумбет» район муниципалияб районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадов.**

БетIерав редактор ХIамзат ГIизудинов телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтIа росу, редакция gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь Къурмагьиз ХIадисова
Корреспондентал: ГIайшат Исламбиева, Исрапил Заирбегов
Фотомухбир: Гебек Гебеков
телефон: 26-404

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес: МахIачхъала, Петр ТIоцевесесул кватI, 61

Газета къватIибе бачIунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цIаразда гьоркь
Учредитель: РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1352
Газета къватIибе биччазе гъулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00, хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.